

TIMOUN ak ADILT KI PA KO GEN 65 AN

NJ FamilyCare se yon asirans, pou moun ki rete nan NJ, ki finanse pa leta. Li ofri bon kalite sèvis swen ki swa gratis oswa nan ba pri. Gen nan pwogram NJ FamilyCare la CHIP, Medicaid ak Medicaid pou nouvo pouse demografik.

Kisa ki kouvri?

NJ FamilyCare ofri kouvèti konplè pou swen medikal nan plan medikal leta a chwazi. NJ FamilyCare kouvri pifò nan swenyaj tankou:

- konsiltasyon doktè
- radyografi
- linèt
- preskripsyon
- ospitalizasyon
- sèvis pou swen mantal
- analiz laboratwa
- swen dan
- konsiltasyon avèk espesyalis

Kilès ki kalifye:

Moun nenpòt laj ki abite NJ epi ki kalifye gendwa kalifye pou for NJ FamilyCare. Sa se tankou timoun, papa ak manman, fanmi ki gadò, ak adilt ki pa gen timoun depandan. Kalifikasyon baze sou revni ak konbyen moun nan kò kay la ki make sou dokiman taks anyèl moun k ap fè aplikasyon an. Toutfwa, NJ FamilyCare gendwa sèvi ak lòt sous, tankou souch chèk pewòl, pou l verifiye enfòmasyon yo. Kalifikasyon sou revni pou timoun pi plis pase kalifikasyon sou revni pou adilt. (Wè tablo a)

Konbyen li koute?

Pou anpil moun, NJ FamilyCare pa koute anyen: pa gen prim pa mwa epi pa gen kotpa. Pou fanmi ki fè plis kòb e ki gen timoun, gen yon frè pwopòsyonèl pou kotpa e pou prim pa mwa.

Èske gen okenn restriksyon?

Maladi moun genyen pa gen konsekans sou kalifikasyon pyès moun. Anpil fwa, se pou timoun yo san asirans maladi pou omwen 3 mwa pou yo kalifye. Poutèt gen eksepsyon, li t ap pi bon si w rele NJ FamilyCare nan telefòn sizoka ou gen kesyon ou ta renmen poze.

Se pou moun adilt gen papyè rezidans pou omwen senk lane pou yo sa kalifye. Timoun avèk fanm ansent, kèlkeswa nan ki dat yo vini Etazini, gendwa kalifye si yo gen papyè rezidans. Pou moun ki pa gen dokiman imigrasyon, pitit pa yo gendwa kalifye si se Etazini yo fèt.

Ki kote m ap jwenn plis ransèyman?

Pou w konnen si w kalifye, osinon pou plis ransèyman, swa rele nan telefòn osinon monte sou sit entènèt nou a.

1-800-701-0710

(Gen operatè ki pale diferan lang)

TTY 1-800-701-0720

(Pou pèsonaj ki gen difikite tande)

www.njfamilycare.org Fè aplikasyon anliy!

NJ FamilyCare obeyi lwa federal konsenan dwa sivil yo e li pa diskrimine nonplis sou ras, koulè po, peyi natif natal, sèks, laj, ak enfimite. Si w pale **kreyòl**, gen yon sèvis tradiksyon disponib san w pa peye anyen pou li. Sonnen 1-800-701-0710 (TTY: 1-800-701-0720).

MAKSIMÒM REVNI MANSYÈL LA depi 1 janvyè 2018

*Konbyen moun nan fanmi a ak montan revni
ki nan taks federal ou yo*

Kantite moun*	Timoun (pa ko alaj 19)	Paran & Adilt selibatè (Alaj 19-64)	Fanm ansent (Nenpòt laj)
1	\$ 3 592	\$ 1 397	Pa genyen
2	\$ 4 870	\$ 1 893	\$ 2 812
3	\$ 6 148	\$ 2 390	\$ 3 550
4	\$ 7 426	\$ 2 887	\$ 4 288
5	\$ 8 704	\$ 3 384	\$ 5 026
6	\$ 9 982	\$ 3 881	\$ 5 764
Chak moun anplis	\$ 1 278	\$ 497	\$ 738

* Kantite moun ki nan fanmi w gendwa detoune nan kantite paran oubyen gadò ki gen nan fanmi a, ak tout pitit parantaj ki pa ko alaj 21 an ki depandan e ou deklare nan taks ou, ansanm ak tout lòt depandan ou deklare nan taks ou e ki rete lakay ou tou.